

Alkitab kanggo murangkalih Nyanggakeun



Garéja
Manggihan
Masalah



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:
Janie Forest, Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: Ruth Klassen

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin


Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2023 Bible for Children, Inc.


Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.




Lima puluh poé sanggeus Putra Allah Yesus gugah tina nu maraot, Roh Suci sumping ka hirup dina pengikut-Na. Sanajan murid-murid teu ngarti kumaha Allah Rama, Allah Putra (Yesus) jeung Allah Roh Suci kabeh bisa jadi hiji Allah, maranéhanana bagja yen Allah nyarengan maranehna. Allah migawé hal-hal nu éndah pikeun mantuan para rasul nyaritakeun Yésus ka batur.




Jelema-jelema anu percaya ka Yesus ngabagi-bagi sagala milikna, supaya nu miskin dipiara. Tapi hiji pasangan nu ngaranna Ananias jeung Sapira teh teu jujur. Maranéhna ngajual sabagian tanah tuluy pura-pura mawa kabéh duit diserenkeun ka rasul-rasul. Cicing-cicing, aranjeunna neundeun sawareh keur dirina sorangan.






"Naha Iblis ngeusian haté anjeun pikeun ngabohong ka Roh Suci ...?" Petrus nanya ka Ananias. "Anjeun henteu ngabohong ka manusa tapi ka Gusti." Lajeng Ananias tibeubeut tuluy paeh harita oge. Jol budak ngora

mayit Ananias diboehan tuluy digotong ka luar dikuburkeun.




Teu lila, Safira asup, teu nyahoeun yén salakina geus maot. Anjeunna ogé ngabohong ngeunaan artos - sareng hal anu sami kajadian ka anjeunna. Eta kajadian estu matak sieun sakur nu ngadenge.





Allah Roh Suci
ngalakukeun loba
tanda jeung
mujijat
ngaliwatan
rasul-rasul.
Misalna, jalma-
jalma nu gering
dicageurkeun keur

Pétrus nandangan
kalangkang.



Ieu waktos
mujijat hébat,
némbongkeun
ayana Allah.
Beuki loba jalma
percaya ka Yesus.
Ieu teh matak Imam
Agung ambek pisan.
Anjeunna marentah
rasul-rasul
dijebloskeun
ka panjara!





Tapi peuting
eta malaikat
Gusti muka
panto panjara
sarta nyandak
aranjeunna kaluar,
tuluy nyarios,

"Pindah, nangtung di Bait Allah jeung nyarita ka jalma sakabeh kecap tina kahirupan ieu." Rasul-rasul kaluar sarta mimiti ngahutbah ngeunaan Yesus. Isuk-isuk, lalaki Imam Agung manggihan panjara tos kosong.



Nalika tungtungna mendakan aranjeunna, Imam Agung nyentak rasul-rasul. "Naha teu ngarti kuring marentahkeun maneh ulah ngajar nganggo Ngaran ieu?" "Urang kudu nurut ka Allah leuwih ti batan manusa," jawab Petrus jeung rasul-rasul lianna. Imam Agung ngamuk, hayang maehan rasul-rasul. Gantina, anjeunna maréntah supaya aranjeunna supaya diteunggeulan jeung dileupaskeun.




Sanajan nyeri, rasul-rasul
nurut ka Allah sarta terus
ngawawarkeun Yesus.




Dina hiji poe, aya saurang lalaki nu ngaranna
Stepanus ditahan. Stépanus nyaah ka Gusti Yésus.
Ngaliwatan manéhna Roh Suci ngabejaan batur
ngeunaan Yesus. Sababaraha urang ngabohong,
nyebutkeun yén cariosan


Stepanus teh
ngalawan Allah.
Sanggeus sidang
bohongan,
Stepanus
dirajam nepi
ka maot alatan
imanna ka Yesus.




Samemeh pupus, Stepanus,
anu pinuh ku Roh Suci,
neuteup ka sawarga sarta
ningali kamulyaan
Allah jeung Yesus
nangtung di
katuhueun Allah.



Jalma-jalma ngalungkeun batu ka Stepanus bari
ngagero ka Gusti, saurna,
"Nun Gusti Yesus, mugi
tampa nyawa abdi."
Lajeng, kawas Yesus
dina salib, lalaki
gagah ieu sabari
napas terakhirna
pikeun ngadoa
yén Allah bakal
ngahampura
sing saha anu
ngabununhna.



Pupusna Stepanus ngamimitian ayana kasusah anyar. Saurang budak ngora ngaranna Saul, nu geus mantuan nu maehan Stepanus, nangkep unggal urang Kristen nu dipanggihan. Loba di antarana kabur ti imah maranéhanana sarta sumebar ka sakuliah Yudea jeung Samaria. Ngan para rasul anu cicing di Yerusalem.



Sanajan musuh-musuhna hayang maehan, jalma-jalma anu paburencay ka mana-mana, ngawawarkeun Injil Kasalametan ngeunaan Yesus. Euweuh nu bisa ngeureunkeun pengikut Yesus - sabab Roh Suci Allah hirup di aranjeunna sarta midamel ngaliwatan aranjeunna.



Garéja Manggihan Masalah


Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti


Kisah Rasul 5-7

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu
masihan Caang." Psalm 119:130





| 56



60



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

